# Адыгэ литературэмк1э
# урок зэ1ухам и план
# 9 класс

Къанло Аксанэ Б.-
адыгэбзэмрэ
литературэмрэк1э
егъэджак1уэ

**Темэр:** Ц1ыхубэм и уэчыл.

**Мурадхэр:**

1. Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эм, и творческэ лэжьыгъэм теухуауэ къащ1ахэр зэрыгъэубыдын.
2. Езы еджак1уэхэм щ1эуэ къащ1ахэм, къагъуэтахэм тегъэпсэлъыхьын.
3. Ц1ыхубэм я насыпым щ1эбэным и ц1эр зэи зэрымык1уэдыжыр зыхегъэщ1эн.

***Урокым и ек1уэк1ык1эр:***

**Егъ:** Япэ щ1ык1э девгъэплъыт псори ди темэм. «Уэчыл» псалъэр дауэ къывгуры1уэрэ?

**Едж:** «Уэчыл» псалъэр сэ къызэрызгуры1уэр мыпхуэдэущ – ц1ыхум я къыщхьэщыжак1уэ, я ущияк1уэ, я дэ1эпыкъуэгъу жи1эущ.

**Егъ:** Хъарзынэщ. Нобэ дэ зэхуэтхьэсыжынущ Пащ1э Бэчмырзэ теухуауэ зэдгъэщ1ахэр. Лъэпкъ усыгъэм и тхьэмадэу ябж Бэчмырзэ и гъащ1эм хэлъа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, и псэук1ар, и лэжьэк1ар дигу къэдгъэк1ыжынщ. Нт1э, фэ дауэ феплърэ, сыт хуэдэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ ди пащхьэм къиувэу п1эрэ мы урокым?

**Едж:** Сэ си гугъэщ Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эм, и творчествэм теухуауэ къэтщ1ахэр зэрыдгъэубыдыну ди мураду.

**Едж:** Дэр-дэру щ1эуэ къэдгъуэтахэм, къэтщ1ахэм, а лэжьыгъэхэр зэрызэф1эдгъэк1а щ1ык1эр къэдгъэлъэгъуэну ди къалэнщ.

**Едж:** Сэ сызэреплъымк1э, мы урокым дэ ди мурад нэхъыщхьэщ ц1ыхубэм я насыпым щ1эбэным и ц1эр зэи зэрымык1уэдыжыр зыхэтщ1эну.

**Егъ:** Хъарзынэщ. Ф1ы дыдэу вгъэбелджылащ урокымк1э ди мурадхэр. Деплъынщ фэр-фэру къэвгъуэту урокым къефхьэл1ахэм. Къызжеф1эт, сыт хуэвгъэхьэзыра нобэрей урокым?

**Едж:** Ди гупыр Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эм дриплъэжащ, абы нэхъыщхьэу къыщыхъуахэр зэ щ1эдджык1ыжащ. (Щ1эджык1ак1уэхэр) Мы лэжьыгъэр щыдгъэзащ1эм дэ мураду ди1ащ лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэт1ылъа Пащ1э Бэчмырзэ и лэжьыгъэхэм адыгэ лъэпкъым и дежк1э и1а мыхьэнэр къэтхутэну.

**Едж:** Дэ Пащ1э Бэчмырзэ  и тхыгъэхэм дыщрихьэл1а псалъэ шэрыуэ, жы1эк1э дахэ, псалъэжь пэлъытэуи нобэ къагъэсэбэпхэр къыхэттхык1ащ. Абы къыдэк1уэу Пащ1эм и гъащ1эм, и творчествэм эпиграфу къыхуэпхь хъуну жы1эгъуэхэр къэтхутащ.  (Къэхутак1уэхэр)  И тхыгъэхэм хьэлэмэтагъыу хэлъыр дгъэбнлджылыну, ар зэрытхэ  бзэм и къулеягъыр къэдгъэлъэгъуэну ди гугъэщ.

**Едж:**  Дэ гупым усак1уэм теухуауэ ди критикхэм, къэзыц1ыхуу щыта ц1ыху ц1эры1уэхэм жа1ахэр къэдгъуэтащ, зэхуэтхьэсащ. (Критикхэр). Лъэпкъым Пащ1э Бэчмырзэ и творчествэм, абы и лэжьыгъэхэм хуэфэщэн пщ1э зэрыхуищ1ыр, абы псалъэ гуапэхэр куэдым зэрыхужа1ар къэдгъэнэхуэну ди мурадщ.

**Едж:**  Дэ  Пащ1э Бэчмырзэ и усэ нэхъыф1хэр къэтпщытэжащ. (Къэпщытак1уэхэр). Дэ ди гум итлъхьащ Пащ1э Бэчмырзэ и усэхэм я дахагъыр, абыхэм я бзэм и къулеягъыр къэдгъэлъэгъуэну, гъэсэныгъэ ущииныгъэ мыхьэнэуэ я1эр еда1уэхэм зыхедгъэщ1эну.

**Егъ:** Хъарзынэщ, урокым дагъуэншэу зыхуэвгъэхьэзыращ.  Девгъэда1уэт ат1э Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эр къызэрек1уэк1ар щ1эзыджык1ыжахэм.

**Едж:** Нартан гъущ1 гъуэгу зэблэк1ып1эм пэмыжыжьэу, къуажэк1эм деж, уэрамыщхьипл1ыр щызэхэк1ым и ижьырабгъу лъэныкъуэм бгъэнышхьэ унэ к1ыхь тетащ. А лъапсэм, а унэм къыщыхъуащ, щап1ащ, и гъащ1эр щрихьэк1ащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэт1ылъахэм ящыщ Пащ1э Бэчмырзэ.

**Едж:** Пащ1э Машэ и къуэ Бэчмырзэ Налшык къуажэм, иужьк1э Налшык-Къылышбийхьэблэ, иужьк1э Нартан зыф1ащыжам, 1854 гъэм къыщылъхуащ. Бэчмырзэ гугъуехьым, гуащ1эдэк1ым пасэу къызэрыщ1этэджам и гугъу ищ1к1эрэ Щоджэнц1ык1у Алий итхыгъащ: «Бэчмырзэ илъэсибгъум иту зыгуэрым бжэ1упэ 1эхъуэу ищтащ. Махуэ гуэрым щ1алэ ц1ык1ум былымыр здигъэхъум, зы танэ гуэрым гуу къопыджри мал1э. Бэчмырзэ и адэм ар ипшыныжын хуей мэхъу. Ахъшэ щамыгъуэтым, Бэчмырзэ илъэс псок1э хьэкъыншэу бейм хуолажьэр».

**Едж:** Псэхугъуэ кърамыту Бэчмырзэ гугъеуит1 и1ащ: щ1эныгъэ нэс зэримы1эмрэ и усыгъэхэр зэу1уу тедзауэ зэримылъагъумрэ. И ныбжьыр илъэс пщык1ут1 щыхъуам, абы и хъуэпсап1эр къехъул1ащ – тхылъ зригъэщ1эн папщ1э, и хьэблэгъу Лъеиншэ Мысост иратащ. 1устаз хуэхъуа зэщхьэгъусэхэм я деж куэд къыщищ1ащ еджэным зи нэр къыхуик1, абы

хуэпабгъэ щ1алэ набдзэгубдзаплъэм. Ар хьэрыпыбзэк1э къеджэфу, тхэфу езыгъэсар Мысост и щхьэгъусэ Лухъанщ.

**Едж:** Бэчмырзэ и ц1эр зыгъэ1уар, къыдэзыхар езым макъамэ зыщ1илъхьэжа уэрэд-гъыбзэхэрщ. Усак1уэм зэхилъхьа гъыбзэхэр, уэрэдхэр ц1ыхум гунэс ящыхъурти, гук1э зрагъащ1эрт, зым адрейм жри1эрт. Ауэ ар хуейт и усыгъэхэр тхылъымп1эм иту ялъэгъуну, абы къыхэк1к1э хьэрып хьэрфхэр къигъэсэбэпурэ алфавит зэхилъхьащ. Адыгэ макъ зыбжанэм хуримыкъу хьэрфхэр Бэчмырзэ езым къигупсысащ. А алфавитым къыпхуэмылъытэным хуэдиз мыхьэнэ и1ащ. Абы и ф1ыщ1эщ усак1уэм и 1эдакъэщ1эк1хэр хъума зэрыхъуар.

**Егъ:** Гъуэзэджэщ.   Ц1ык1ухэ, фэ фщ1эуэ п1эрэ Пащ1э Бэчмырзэ теухуауэ тхыгъэ гуэр щы1эу? («Уи кхъащхьэм» усэм зы еджак1уэ гук1э къоджэ). Нэхъапэк1э зэхэфхауэ щыта мы усэр?

**Едж:** Зэхэтхащ. Ар Щоджэнц1ык1у Алий Пащ1э Бэчмырзэ дунейм зэрехыжар гущ1ыхьэ щыхъуати, фэеплъ хуищ1ащ.

**Егъ:** Сыт хуэдэ сатырхэрауэ п1эрэ мы усэм и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэр?

**Едж:**  Уи дыщэ пхъуантэр къэст1эщ1ыжыну

Си дадэ дыщэ, узогъэгугъэ.

**Егъ:**  Сыт хуэдэ «дыщэ пхъуантэ» Щоджэнц1ык1ум зи гугъу ищ1ыр?

**Едж:** «Дыщэ пхъуантэ» жыхуи1эр усак1уэм и 1эдакъэщ1эк1хэращ: усэхэр, поэмэхэр щихъумэу зыдэлъа пхъуантэм езыр зэреджэу щытар аращ.

**Егъ:** Ат1э, ягъэзэщ1эфауэ п1эрэ усак1уэм и кхъащхьэм щата псалъэр Алий сымэ?

**Едж:** Шэч хэмылъу. Усак1уэшхуэм и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжауэ 1963 гъэм къыдэк1а тхылъым  Шортэн Аскэрбий мыпхуэдэу щыже1э: «Щоджэнц1ык1у Алийрэ К1ыщокъуэ Алимрэ Нартан к1уэри усак1уэм и 1эрытххэр зэхуахьэсыжащ ик1и ахэр щ1эныгъэ-къэхутак1уэ институтым щ1алъхьащ, иужьы1уэк1э тхылъ щхьэхуэу къыдагъэк1ащ».

**Егъ:** Щоджэнц1ык1у Алий и гугъу  мы илъэсым куэд дыдэрэ ящ1у фэ зэхэфхауэ къыщ1эк1ынщ. Сыту п1эрэ ар къызыхэк1ыр, фэ дауэ феплърэ?

**Едж:** Мы гъэм усак1уэшхуэм и ныбжьыр илъэси 115 ирокъу. Абы къыдэк1уэу мы гъэр литературэм и гъэщ.

**Егъ:** Пащ1э Бэчмырзэ щ1эблэр гъэсэным  хуабжьу хуэсакъыу щытащ. Абы теухуауэ мыпхуэдэ хъыбар Теунэ Хьэчим къегъэлъагъуэ. Бэчмырзэ и ныбжьэгъу и гъусэу хамэ къуажэ хьэщ1ап1э к1уэуэ и гулъэфыр гъуэгум щыкъутат. Гулъэфым епэщэщу щысу гъавэр элеваторым гук1э зышэ щ1алит1 къыхуэзащ. Дэ1эпыкъуным и п1эк1э л1ыжьыр ауан къащ1ри ежьэжахэщ. Куэд дэмык1ыу л1ит1ым гур ящ1ыжри ежьэжахэщ. Зыкъомрэ к1уауэ а щ1алит1 дыдэм хуэзахэщ. Иджы абыхэм я гум щ1элъ гулъэфыр къутат. Бэчмырзэ къэувы1ащ, езым и гулъэфыр къыщ1ихри яритащ. И гъусэр къэгубжьащ: «Езыхэм къыдащ1ар пщыгъупщэжа, щхьэ епта гулъэфыр?». Бэчмырзэ жи1ащ: «Ахэр щ1алэщ. Хабзэр зыгъэлъэгъуэн хуейр дэ нэхъыжьхэращ, дэ едмыгъэлъагъу абрыхэм дэнэ къахын?»

**Егъ:** Упсэу, Марьяна! Хъыбар гъэщ1эгъуэн дыдэ дебгъэдэ1уащ. Нт1э сэ иджыпсту зы теплъэгъуэ гуэр фхуэзгъэхьэзыращи, абы гупсэхуу феплъ. (отрывок из худ. фильма).  Дауэ феплърэ, лъэпкъым и гъащ1эм къыщыхъуауэ сыт хуэдэ 1уэхугъуэу п1эрэ мы теплъэгъуэм къыщыгъэлъэгъуар?

**Едж:** Сыщыуэну си гугъэкъым, мыр Истамбылак1уэм теухуауэ жыс1эмэ. Илъэсищэк1э ек1уэк1а урыс-кавказ зауэр 1864 гъэм иуха нэужь адыгэхэр Тыркумрэ Къуэк1ып1э Гъунэгъум и къэралхэмрэ зэрагъэ1эпхъуауэ щытам теухуащ мы теплъэгъуэр.

Егъ: Пэж дыдэу къыджеп1ащ. Лъэпкъым гузэвэгъуэшхуэу и нэгу щ1эк1а хэкубгынэм теухуащ мы пычыгъуэр. Нт1э Истамбылак1уэм и 1уэхур Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эм зыгуэрк1э къыжьэхэуауэ п1эрэ? Фыщрихьэл1а а 1уэхугъуэм теухуауэ зыгуэр усак1уэм и творчествэм?

**Едж:** 1900 гъэм Пащ1э Бэчмырзэ тредзэри Тыркум мак1уэ. Пщыбий Инал къызэрихутамк1э, уэрэдусыр абы щ1эк1уар и щхьэ 1уэхукъым, ат1э жылагъуэ 1уэхущ.  Истамбылак1уэм и зэманти, адыгэхэм «Тыркур муслъымэн жылэщ, жэнэт унап1эщ» жа1эрти 1эпхъуэхэрт. Бэчмырзэ и псэ мызагъэр апхуэдэ гузэвэгъуэм блэк1ыфынт! Езым и лъакъуэрэ езым и сомк1э к1уэри Тыркур къиплъыхьащ, абы ик1ри Щам к1уащ. «Жэнэт унап1эр» гупсэхуу зригъэлъагъущ, къытридзэри 1902 гъэм лъэсу къэк1уэжащ, илъэгъуари щи1уэтэжащ «Истамбыл» уэрэдым:

Жылэгъуу уенэц1мэ, убейуэ къак1уэ,

Хьукуумэтым ук1уэм, уи чысэр къащтэ,

Зыри къыумыщтэм, хьэпсым уашэнщ,

Факъирхэр нац1эурэ, податхэр ныдащ,

Шыуэ зэрашэхэр зэрыдзыгъуэц.

Зы мэлым и цым мэждей къыбжа1э.

Зэрыжа1эжымк1э, мы уэрэдыр зэхаха нэужь, 1эпхъуэну зызыгъэхьэзыра куэд я п1эм къинэжащ.

**Егъ:** Гъуэзэджэщ ц1ык1ухэ. Икъук1э хьэлэмэтщ нобэ къыджеф1ахэр. Ат1э иджы къызэ1удывгъэхыт Бэчмырзэ и дыщэ пхъуантэр. Къыдэдывгъэхыт абы дэлъ тхыгъэ щэджащэхэр. (Пхъуантэм дэ1эбэурэ усэхэм я ц1эхэр тхауэ къыдах. Ит1анэ езы усэхэм къоджэхэр, и гупсысэр къыжа1э).

**Егъ:** Хъарзынэщ. Дауи шэч хэлъкъым Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1э псор лъэпкъхуэлажьэу зэрихьам. Фэ жыф1ащ и гъащ1эмрэ и творчествэмрэ эпиграф хуэпщ1 хъун псалъэхэр зэхуэфхьэсауэ. Фыкъеджэт абыхэм.

**Едж:** Уи щхьэ закъуэм ухуэусэм,

Удамэншэ бзущ.

Уэ ц1ыхубэм ухуэусэм

Ужыг лъапсэ куущ. (Сэ сызэреплъымк1э, мы псалъэхэр Пащ1э Бэчмырзэ и псэук1ам, и лэжьыгъэхэм я гъунэгъущ. И гъащ1э псом ар ц1ыхубэрщ зыхуэлэжьари, зыхуэусари).

**Едж:** Насып жыхуа1эр уэ зэгъащ1э:

Насып щ1экъуныр арщ насыпыр. (Пащ1э Бэчмырзэ лъэпкъым и насыпым щ1эбэну псэуащ. Аращ усак1уэм и гъащ1эм насып мыухыу хэлъари).

**Едж:** Л1эщ1ыгъуищэ къэбгъащ1эрэ уи лъэужьыр щ1эх дыдэ к1уэдыж нэхърэ, мащ1э дыдэ къэбгъащ1эми уи лъэужьыр л1эужьищэк1э мык1уэдыжым нэхъыф1щ. (Лъэпкъым ф1ы хуэзыщ1эхэм я ц1эри я лэжьыгъэри л1эщ1ыгъуэ дапщэ дэмык1ами к1уэдыжыркъым. Сэ си гугъэщ Пащ1э Бэчмырзэ и ц1эр ф1ык1э иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым къри1уэну).

**Едж:** Насып мыухыр зи гуращэр,

Махуэл и гъуэгум щыхуэмей.

Псэуну гъащ1эр зыхуэфащэр,

Мыувы1эу к1уэхэр аркъудейщ. (Мы усэ сатырхэри Пащ1э Бэчмырзэ и гъащ1эм къыподжэж. Усак1уэр дунейм тетыху мыувы1эу зы ф1ы гуэр и лъэпкъым зэрыхуищ1эным иужь итащ).

**Егъ:** Ф1ы дыдэщ. Икъук1э псалъэ 1ущхэр къэвгъуэтащ.  Сыт хуэдэ псалъэжьхэм и усэхэм фыщрихьэл1ауэ гу лъыфта?

**Едж:**   Губзыгъэр зэрыпщ1эр и 1уэхурщ,

Акъыл зимы1эм и дежк1э,

1эщ1агъэ псори емык1ущ.

**Едж:**  Бэтырыбжьэ ефэм к1элъыплъи

Бэтырыбжьэ щ1атыр зэгъащ1э.

**Едж:**  Псалъэ зи мащ1эр щ1эщыгъуэ мэхъу.

**Едж:**   Акъылым и анэр гупсысэщ.

**Едж:** Псэук1эм япэр щ1эныгъэщ.

**Едж:**  Укъыщащ1эм лъэужьщ,

Укъыщамыщ1эм щыгъынщ.

**Егъ:** Нт1э апхуэдэ щ1эин дахэ, лэжьыгъэ щхьэпэ къэзыгъэна Пащ1э Бэчмырзэ и фэеплъу, ф1ыщ1э хуащ1ыр къэрагъэлъэгъуэу сыт хуалэжьыжа?

**Едж:** 2004 гъэм усак1уэм и ныбжьыр илъэс 150 щрикъум ирихьэл1эу, Нартан къуажэ, езыр щыпсэуа лъапсэм къыщызэ1уахащ абы и ц1эр зезыхьэ музей.

**Егъ:** Ат1э Пащ1э Бэчмырзэ и творчествэм нобэ и1э мыхьэнэм теухуауэ сыт фхужы1эн?

**Едж:** Пащ1э Бэчмырзэ лъэпкъ 1уэры1уатэм и гъук1эгъэсэнщ. Ауэ ар абы къыщызэтеувы1акъым, ат1э къызэринэк1ыфри лъэпкъ литературэм хэбэкъуащ. Бэчмырзэщ лъэпкъ литературэм и лъабжьэгъэт1ылъ хъуар, абы и дыщэ пхъуантэм къыдэк1ыжа тхыгъэхэрщ ди литературэм зыужьыныгъэ нэс езытар.

**Егъ:** Дауэ феплърэ, урокым щызыхуэвгъэувыжа мурадхэмрэ къалэнхэмрэ къывэхъул1ауэ п1эрэ?  Сыт хуэдэ гупсысэм, сыт хуэдэ еплъык1эм фыхуэк1уа?

**Едж:** Къыдэхъул1ауэ ди гугъэщ.  Дэ зэ дык1уэц1рыплъыжащ абы и гъащ1эм, къэтпщытэжащ и тхыгъэхэр, къэдгъэлъэгъуащ абы и лэжьыгъэхэм лъэпкъым и дежк1э и1э мыхьэнэр.  Абы къыдэк1уэу, дэ хьэкъыу тпхык1ащ Пащ1э Бэчмырзэ и ц1эр ц1ыхум зэращымыгъупщэжынури, и тхыгъэхэм мыл1эжыныпсэ зэра1утри.

**Егъ:** Урокым папщ1э вгъэхьэзыра псори икъук1э щхьэпэщ, си гуапэщ апхуэдэу фэр-фэру фылэжьэфу фыкъызэрыщ1эк1ар.

**Оценкэ яхуэгъэувын.**

**Унэ лэжьыгъэ етын:** 1. «Уэсят» усэр гук1э зэгъэщ1эн;

2. Пащ1э Б. и тхыгъэхэм языхэзым иллэстрацэ хуэгъэхьэзырын.